



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 30 MILYON DOLA POU ETABLI SISTÈM AYEWONÈF  
SAN PILÒT DEPWENT POU JESYON SISTÈM SIKILASYON YO NAN REJYON  
SANT NEW YORK**

***Nouvo Sistèm Ayewonèf San Pilòt pou Jesyon Sistèm Sikilasyon yo pral Vole sou  
Zòn ki kouvri yon distans 50 mil nan Koridò ki ant Syracuse ak Rome nan***

***Investisman yo Konplete pwojè “Central NY Rising” (Redemaraj Rejyon Sant NY)  
– Ki se yon Inisyativ Pwojè Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki Reyisi, pou Devlope  
Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon investisman 30 milyon dola pou devlope yon sistèm jesyon sikilasyon ki kouvri yon distans vòl 50 mil ant Syracuse ak Griffiss International Airport (Ayewopò Entènasyonal Griffiss) nan Rome pou avanse endistri Sistèm Ayewonèf San Pilòt (Unmanned Aircraft Systems, UAS) k ap boujonnen nan Rejyon Sant New York la. Nan lespas koridò ki kouvri distans 50 mil sa a, gen investisman estratejik ki pral akselere kwasans endistri a lè yo sipòte itilizasyon Sistèm Ayewonèf San Pilòt ki fenk ap parèt yo epi ki fondamantal pou endistri Rejyon Sant New York la yo, ki gen ladan yo jesyon agrikilti ak forè, transpò ak lojistik, devlopman laprès ak fim, itilite ak enfrastrikti yo, ak sekirite piblik.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Devlopman majè sa a ajoute sou pwèn fò Rejyon Sant New York la epi li pral konsolide rejyon an pou vin tankou yon sant global pou endistri k ap agrandi rapid yo. Avèk investisman estratejik sa yo k ap fèt nan sektè ki fenk ap parèt ki gen kwasans elve yo, nou ap ranfòse ekonomi rejyonal yo toupatou atravè New York epi n ap relanse espri inovasyon ak antrepriz eta sa a genyen an yo.”

Investiman an pral fèt atravè yon patenarya ant Empire State Development ak Northeast UAS Airspace Integration Research Alliance (Alyans Rechèch sou Entegrasyon Espas Ayeryen UAS Rejyon Nòdès la) nan kad Faz 2 Pwojè U-SAFE la, ki gen objektif pou l akselere tès, sètifikasyon, ak entegrasyon sekirize Sistèm Ayewonèf San Pilòt la yo nan espas ayeryen an yo epi deplete yon endistri global ki vo mil milya dola. Pou Faz 2 a, Eta a te angaje l pou mete an aplikasyon konsèp NASA etabli yo pou Sistèm Jesyon Sikilasyon UAS (UAS Traffic Management Systems, UTM) la yo ak Tès ak Klasman Nòmalize UAS la.

An out, Gouvènè a te [anonse](#) yon investisman 5 milyon dola pou Faz 1 an, epi anons jodi a ap kontinye angajman solid Eta a pou l pwomouvwa kwasans endistri Sistèm

Ayewonèf San Pilòt la yo nan Rejyon Nò New York la.

**Prezidan, PDG ak Kominsyonè Empire State Development, Howard Zemsky te di:** “Eta New York la pran angajman pou l fè investisman estratejik ki pral asire nou rete an premye plas nan endistri k ap agrandi rapid sa a, ki gen anpil potansyèl pou kreye travay ak nouvo opòtinite ekonomik. Kelkswa si se ede agrikiltè yo oswa amelyore transpò ak sekirite piblik la, pratik inovatif pou UAS yo prèske san limit epi nou kwè endistri sa a pral gen enpak enpòtan, ki pozitif sou ekonomi nan Rejyon Nò New York la pou anpil ane k ap vini yo.”

Investisman majè nan Sistèm Jesyon Sikilasyon UAS pral etabli yon vòl UTM ki kouvri yon distans 50 mil nan koridò ant Syracuse ak ayewopò Griffiss International Airport la. Nan lespas koridò a, investisman yo pral fèt an nan aspè materyèl, lojisyèl UTM, ak validasyon pèfòmans sistèm sekirite dwòn yo pou enfrastrikti esansyèl yo. Investisman sa yo pral akselere kwasans endistri UAS la lè yo sipòte itilizasyon UAS ki fenk ap parèt yo nan sektè esansyèl nan ekonomi Rejyon Nò a yo.

Nouvo koridò a pral kreye opòtinite pou konpayi sansè ki gen kalib mondyal yo pou yo deplwaye, teste ak valide sistèm yo a yo pandan yo ap sipòte UTM, pou entegratè yo teste lojisyèl yo sou plizyè platfòm sansè ak pou platfòm endistri k ap mennen yo pou teste ak valide teknoloji yo nan yon aspè materyèl, odela liy vizyèl anviwonman vize ki kapab yo.

The Northeast UAS Airspace Integration Research Alliance pral ofri yon plan solid epi pibliye ak sipèvize pwosesis RFP yo nan kòmansman 2017 la, li pral etabli yon endistri ak yon konsòsyòm fòmasyon pou estimile angajman biznis yo, epi ansanm ak patnè Eta yo, li pral asire deplwaman koridò UTM nan avan 2018. NASA ap kolabore avèk NUAIR (Northeast UAS Airspace Integration Research) pou devlope espesifikasyon ki nesèsè pou devlopman ak akizisyon yon sistèm UTM Eta New York ak NUAIR kòmande pou kouvri distans 50 mil koridò a. Yo espere sa pral angaje plizyè kolaboratè endistri yo ki pral ajoute sou prezans solid antrepriz ki gen rapò ak UAS deja genyen an yo nan Rejyon Sant New York ak Mohawk Valley a yo.

The Northeast UAS Airspace Integration Research Alliance gen ladan l plis pase 100 patnè piblik, prive ak akademik k ap mete tèt ansanm pou travay pou fè vanse entegrasyon UAS san danje nan espas ayeryen peyi a. Jiskaprezan, Eta New York la te investi 7 milyon dola nan òganizasyon pou sipòte devlopman yon seri materyèl ak yon sant operasyon done nan ayewopò Griffiss International Airport la.

**Joanie Mahoney, ki se Chèf Ekzekitif Konte Onondaga, te di:** “Angajman kontini Gouvènè Cuomo ansanm ak Eta New York la enpòtan anpil pandan n ap redouble efò pou fè endistri ki fenk ap parèt sa a nan Rejyon Sant New York la vin tounen yon sektè k ap boujonnen ki pral vrèman benefisye rejyon an tout antye. Nou rete fyè de plan estratejik nou te mete sou pye ane pase a pou nou te ka chanpyon konpetisyon Inisyativ Redemaraj Rejyon Nò an. UAS se yon sib majè nan inisyativ Central New York Rising lan. Nou gen Gouvènè a ak Kominsyonè Zemsky larekonesans pou efò

enkondisyonèl yo fè pou yo sipòte estrateji ak inisyativ yo devlope isit la onivo lokal yo.”

**Koprezidan Konsil Devlopman Ekonomik Rejyon Sant New York la, Prezidan ak PDG Centerstate la, Rob Simpson te di:** “Anons Gouvènè Cuomo te fè jodi a, reprezante yon angajman san parèy Eta New York la pran pou sipòte avansman endistri UAS ak UTM nan rejyon an yo. Envestisman sa a, ansanm ak konpetans sektè prive rejyon an; yon sit FAA (Federal Aviation Administration) deziyen pou fè tès; ak patenarya jeneral nan endistri yo te mete rejyon an nan yon pozisyon pou jwe wòl antèt devlopman global endistri 140 milya dola sa a, epi sipòte kwasans biznis yo kounye a ak alavni.”

**Lawrence H. Brinker, Direktè Egzekitif ak Konseyè Jeneral Alyans NUAIR la te di:** “Nou fyè pou fè patenarya ak Gouvènè Cuomo ak Eta New York la pou nou fè vanse sistèm ak teknoloji ki nesèsè pou entegrasyon UAS nan espas ayeryen kòmèsyal peyi a. Envestisman sa a reprezante yon moman ankourajan nan avansman endistri UAS ak UTM yo nan rejyon an. UAS se gran evolisyon k ap vini nan domèn avyasyon nan Etazini epi rejyon sa a pral mennen an tèt kapasite ak konpetans pou avanse teknoloji sa yo ak sistèm motè sektè sa a.”

### **Akselere Central New York Rising**

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta New York la deja investi prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 5,900 nouvo pòs travay.

###